# QARAQALPAQSTANDA XALIQ SAZLARI ORKESTRINIŃ RAWAJLANIWI

**Qaypanov Azizbek**
Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı saz atqarıwshılıq kafedrası,
xalıq sazları qániygeligi studenti.
**G.M.Kamalova**
Ilimiy basshı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.21842923

***Annotaciya.*** *Bul maqalada Qaraqalaqstanda xalıq sazları orkestriniń payda bolıwı, rawajlanıwı, repertuwarı, búgingi kúnge shekem jetip keliwine úles qosqan dóretiwshiler haqqında maǵlıwmat beriledi.*

***Gilt sózler:*** *muzıka, temperaciya, kompozitor, музыкалы шығармалар, orkestr, ansambil, saz ásbaplar, temp, intonaciya, harakter, diapazon, akkord, dinamika.*

***Аннотация.*** *В данной статье представлена информация о возникновении, развитии, репертуаре и деятелях искусства, внесших вклад в сохранение оркестра народных инструментов в Каракалпакстане.*

***Ключевые слова:*** *музыка, темперация, композитор, музыкальные произведения, оркестр, ансамбль, музыкальные инструменты, темп, интонация, характер, диапазон, аккорд, динамика.*

***Abstract.*** *This article provides information on the emergence, development, repertoire, and artists who contributed to the preservation of the folk instrument orchestra in Karakalpakstan.*

***Keywords:*** *music, tempo, composer, musical works, orchestra, ensemble, musical instruments, tempo, intonation, character, range, chord, dynamics.*

Muzıkasız bul dúnyanı kóz aldımızǵa keltiriw júdá qıyın. Dúnya júzinde muzıka bar eken, insan jasaydı. Muzıka insanǵa ruwxıy kúsh beretuǵın, óziniń álemine ertip ketetin ózgeshe bir biybaha ǵáziyne.

Muzıka kórkem óneriniń rawajlanıwı júdá eski dáwirlerge barıp taqaladı. Dáslep adamlar aqıl esi joq waqıtlarında-aq ayaqların jerge urıp, qolları menen shapalaq urıp bir-birleri menen baylanısatın bolǵan. Keyinshelik zaman rawajlanıp urma sazlar dáp, daul, nagara, úplep shertiletuǵın fleyta, nay, gaboy sıyaqlı sazlar dúnyada keńnen tarqala baslaǵan. Bul sazlardan keyinshelik har qıylı toparlar dúzilip, ózleri birgelikte jám bolıp, atqarıw jolların rawajlandırǵan.

Waqıttıń ótiwi menen ansambil, orkesrt atamaları payda bola baslaydı.

Orkesrt – bir topar muzıka atqarıwshılarınan dúzilgen komanda bolıp, olar túrli ásbaplarda birgelikte bir shıǵarmanı atqarıwına aytılıp, atama eski dáwirlerde, áyyemgi Greciyada payda boladı. Ol waqıtlarda “orkestra” degen sóz saxna aldındaǵı jerdi bildirgen, ol jerde muzıka hám oyınlar bolıp ótken.

Eń dáslepki simfoniyalıq orkestrdiń júzege keliwi hám rawajlanıwı XVII-XVIII ásirler aralıǵına tuwrı keledi. XVII ásirde belgili dóretiwshilerdiń biri Claudio Monteverdi orkestrdi operalarda birinshilerden bolıp keń qollanǵan bolsa, Jan-Batist Lyulli saray orkestrlerin dúzip tártipke salǵan.

ISSN: 2181-3906 2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

Orkestrlerdiń bir qansha túrleri bar. Atap aytqanda simfoniyalıq, kamer, demli, tarlı, estrada, xalıq sazları orkestrleri. Olar bir-birlerinen saz ásbap túrleri, quramı, repertuwarı menen ajıralıp turadı. Biz maqalamızda usı orkestrlerdiń biri bolǵan xalıq sazları orkestri haqqında sóz etpekshimiz.

Xalıq sazları orkestri milliy namalardaǵı ırǵaqlardı xalıqqa jetkerip beretuǵın orkestr túri bul bolıp tabıladı. 1930-jılları Ózbekstanda A.Petrosyans tárepinen saz ásbaplar qayta rekancruksiyalanıp, diapazon kólemi keńeyip,úlken jumıslar alıp barıladı. Nátiyjede A.Petrosyans hám T.Jalilovlardıń baslaması menen 1936-jılı birinshi professional xalıq sazları orkestri payda boladı.

Eń dáslepki orkestr jaylasıw kórinisi




Qaraqalpaqstanda xalıq sazları orkestriniń dúziw máselesin alıp shıqqan insan, girjek saz ásbabınıń sázendesi, melodist-kompozitor, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń lauryatı dirijyor, muǵallim Á.Sultanov bolıp tabıladı.

Orkesrtdi shólkemlestiriw ushın qaraqalpaq xalıq saz ásbaplarınıń temperaciyasın islew kerek boladı. (Temperaciya (latın tilinde temperatio – tuwrı koefficient, sáykeslik) – muzıkalıq ses basqıshları arasındaǵı intervallar koefficentlerin tegislew, seslerdıń bálent-páslik múnásebetlerin sáykes ózgertiw menen temperaciyaǵa erisiledi.)

1957-jılı Tashkent qalasında "Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı" on kúnligin ótkeriw boyınsha ilaj shólkemlestiriledi hám oǵan Á.Sultanov xalıq sazları orkestrin alıp barıw ushın repertuwar tayarlap qatnasadı.

1956-jılı sol másele boyınsha yaǵnıy duwtar saz ásbabın qaytadan ońlaw ushın Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası labaratoriyasınıń tájiriybeli basshısı A.Petrosyans laborantı

ISSN: 2181-3906 2026

*International scientific journal*
*«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»*
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

S.Gienko menen Nókis qalasına keledi. Japaq baqsı Shamuratovtan duwtar sazın aldırıp, onıń perdelerin tekseriwden ótkeredi. Onıń qasında Á.Sultanov hám Q.Ayımbetovlar boladı. Japaq baqsınıń duwtarı perdeleriniń terbelis jiyiklerin ólshep, duwtar haqqındaǵı maǵlıwmattı A.I.Petrosyans Tashkentke alıp ketedi hám tez arada qaytadan islengen duwtar saz ásbabın alıp keledi. Qayta islengem duwtar ásbabınıń dawıs bálentligi artadı.

Duwtar saz ásbabınıń xalıq saz ásbapları qatarına qosadı hám kishi eki, úsh shıǵarmanı húkimet basshıları, jazıwshılar hám kompozitorlarǵa shertip kórsetedi. Sol jılı gúz aylarınan baslap Tashkent qalasında ótkeriletuǵın "Qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatı" on kúnligine tayarlıq baslanadı. Bul on kúnlikke xalıq saz ásbapları orkestri de baratuǵın boladı. Orkesrtdi shólkemlestiriw kompozitor Á.Sultanovǵa tapsıradı.

Mámleketlik filarmonyada, mádeniyat úylerinde islep kiyatrǵan hám háwesker sázendeler, muzıka mektebi oqıtıwshı hám oqıwshıları orkestr quramına kirgiziledi.Sol waqta orkestrde girjekshi N.Karashaev, baqsı K,Esjanov, T.Qoshqarov muzıka mektep direktorı P.M.Anton, ustazı M.Ayımbetov, oqıwshılardan K.Ayımbetov, háweskerlerden Valeriy hám Evgeniy sıyaqlı sázendeler qatnasadı.On kúnlikke "Qaraqalpaq rapsodıyası" hám "Baǵman qız" shıǵarmaların tayarlaydı.

Keyinshelik orkestr jaylasıw kórinisi



1957-jılı húkmet qararı menen Berdaq atındaǵı filarmonya janında 24 sázendeden ibarat "xalıq sazları orkestri" dúziledi. Orkestrdi shólkemlestiriw Á.Sultanovqa tapsırıladı. Tez arada bul orkestrge sázendeler, oqıtıwshı hám talantlı jaslar qabıl etildi. 1957-jılı 25-oktyabrden baslap orkestr óz dóretiwshiligin baslaydı hám onıń bas dirijorı Á.Sultanov boladı. Onıń basshılıǵı astında orkesr repertuarı islep shıǵıladı. Orkestr quramında nota sawatı joq bolǵan jaslarda bar edi.

Olarǵa nota sawatın úyretiwge Q.Ayımbetov, J.Nurjanov hám A.N.Qoǵaylar járdem beredi.

ISSN:
2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 8 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

Á.Sultanov qulaqqa sińip qalǵan qarqalpaq xalıq namaları bolǵan "Shımbay", "Yasha pari" hám basqa da ańsat namalardı orkestr dástúrine kirgizedi. Orkestrde solistler A.Atamuratova, R.Burieva, P.Pirimbetov, D.Qayıpov, I.Ibragimova, B.Otepbergenovalar xızmet qıladı. Tashkent qalasınan orkestrge járdem beriw ushın Tashkent mámleketlik konservatoriyasın pitirgen K.Mustafo, K,Saparbaev hám M.Isakovchlerdi jiberedi.

Onnan soń A.Petrosyans qaraqalpaq qobızların qaytadan islep alıp keledi. Biraq, olarda orkestrde paydalanılmay qaldı, tek qobız bas hám qobız kontrabaslar qollanıladı. A.Petrosyansqa qaraqalpaq húkimeti tárepinen "Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri" ataǵı beriledi. Altı aylıq tayarlıqtan soń orkestr gastrol saparına jol aladı.

Tórtkúl qalasınan baslap Taxtakópir, Moynaq hám Úrgenish qalalarına barıp konsertler qoyıp, kóp dawıslı muzıka menen tıńlawshılardı tanıstıradı. Orkestr dástúrinde ózbek, qaraqalpaq, rus xalıq qosıqları hám taǵı basqada kompozıtorlar shıǵarmaları orın aladı. 1963-jılı filarmonya basshıları orkesrtdiń qarjı tárepten paydası az bolǵanlıǵı ushın orkestr sázendeleriniń sanın qısqartadı. Orkestrde islep kelgen sázendeler Nókis bilim jurtına, Tashkent teatr institutına, Tashkent mámleketlik konservatoriyasına oqıwǵa kiredi. Qalǵanları mádeniyat hám kásip-óner bilim jurtına jumısqa alınadı.

Orkestr 1968-jılı may ayında radio komitet janında qayta dúziledi. Orkestrde K.Asqarov, M.Kamalov, N.Muxammeddinov, A.Sultanov, S.Palwanov, Ǵ.Demesinov, Z.Abdullaev, K.Esjanov, Q.Alimovlar dirijorlıq qıladı. Atqarıwshılardan S.Mambetova, T.Qurbanov, A.Atamuratov, D.Qayıpov, O,.Qurbanbaev, T.Palımbetov. B.Ótepbergenov, K.Niyetullaev hám B.Kárimovalar ózleriniń dóretiwshilik iskerligin dawam ettiredi. Orkestr Xorezmde ótkerilgen "Zehn", "Marhabo talantlar" jarıslarına 1969-jılı Tashkenttegi, 1981-jılı Tatarstanda bolıp ótken mádeniyat kúnlerine qatnasadı. Házirgi kúnde orkestr 26 aǵzadan ibarat.

1961-jılı Nókis mámleketlik muzıka hám xoregirafiya uchelishesi ashıladı, hám sol jılı xalıq sazlari bólimide óz iskerligin baslaydi. Ol jerde xalıq sazları orkestiri dúzilip, oǵan Á.Sultanov basshılıq etedi. . Keyinshelik orkestrdi M.Kamalov alıp baradı. Házirgi kúnde xalıq sazlar orkestiriniń kórkemlik jaqtan basshısı S.Bazarbaev.

Qaraqalpaqstanda xalıq sazlarınıń rawajlanıwında jáne bir tulǵa Maksetulla Kamalovtıńda ornı ayrıqsha. Ol 1945-jılı Taxtakópir rayonında dúnyaǵa keledi. 1960-1964-jılları Nókis muzıka – xoreografiyası uchelishesiniń xalıq sazları bóliminde bilim aladı. Dirijorlıq sırların A.Sultanovtan aladı. 1968-jıldan baslap Nókis muzıka uchelishesiniń xalıq sazları bóliminde oqıtıwshı bolıw menen birge xalıq sazları orkestrine dirijor boladı. Sol jılları Nókis mámleketlik T.G.Shevchenko atındaǵı pedagogikalıq institutta pedagogikalıq fakultetiniń xalıq sazları orkestrin dúzgen hám kóp jerlerde dirijorlıq etip konsertler beredi.

Búgingi kúnde orkestrde qarqalpaq namalarınıń koloritin jetkerip beriw áńsat emes. Sebebi orkestrde bul dawıslardı jetkerip beriw ushın milliy saz ásbaplar sanı júdá az.

Jurt basshımızdıń 2020-jılı 2-oktyabr kúngi Qaraqalpaqstan Respublikasına saparı dawamında hám de Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń náwbetten tısqarı segizinshi sessiyasında berilgen tapsırmalar hám keńeyttirilgen tárizde ótkerilgen 73-sanlı májlis bayanlamasın orınlawın támiyinlew máqsetinde 2021-jılı Qaraqalpaqstanda Ózbekstan

mámleketlik konservatoriyasınıń Nókis filialı shólkemlestiriledi. Bul filial dáslep óz jumısın Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebinde, keyinshelik eski mádeniyat institutı ornında óz jumısın alıp keldi.

Prezidentimizdiń baslaması menen 2026-jılǵı taza oqıw jılı ushın arnayı Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı ushın taza imarat salınıp berildı. Filial ashılǵan waqıtta dáslep student hám járdemshi konsertmiysterler menen birge bul jerde de xalıq sazları orksetri shólkemlestirildi. Bul orkestr dirijorı N.Alekeev boldı. Keyinshelik bul orkestrge H.Rajabov dirijor bolıp házirgi kúnde óz jumısın alıp barmaqta.



Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı "Jayhun" xalıq sazları orksetri usı kúnge shekem Ózbekstan boylap kóplep rayon, wálayat hám qalalarǵa óz dástúrleri menen koncertler shólkemlestirip, hátte sırt eller menen birge islesiw jolların ámelge asırıp kelmekte. Bul orkestr 2024-jılı 17-may kúni ótkerilgen "Jayhun tolqınları" Respublikalıq xalıq sazları orkestrdi festivalında qatnasıp 1-orındı menen sıylıqlandı. Bunnan basqada xalıq aralıq tańlawlarda qatnasıp sıylı orınlarǵa iye bolıp kelmekte.

Ásirler dawamında ózine tán ózgeshelikke iye bolıp, xalqımızdıń mánáwiy turmısınıń ajıralmas bólegine aylanǵan milliy muzıkalar hám olardı en jaydırıp atırǵan atqarıwshılardıń dóretiwshilik jolı jaqsılıqqa qaratılǵanlıǵı hámiyshe itibarǵa ılayıq.

Juwmaqlap aytqanda, respublikamızda kórkem óner ushın bárshe kerekli texnologiyalar hám zamanagóy sabaq ótiw usılları menen támiyinlengen. Búgingi kúnde bul oqıw dárgayındaǵı studentler ushın bárshe zárúr shárayatlar jaratılǵan. Bul Prezidentimizdiń bizlerge degen úlken isenimi esaplanıp, jaslar bul isenimdi aqlaw ushın bar kúsh ǵayratımız benen háreket etemiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Alekeev N. Orkestr klası(xalıq sazları orkestri ushın). – Tashkent: 2023.
2. Abdurahimova F. Orkestr klası. – Nókis: – 2023
3. Maxkamjanov S. Orkestr sinfi uchun asarlar. – Namangan: 2022
4. Rajabov H. Qoraqalpoq musiqa sanatining rivojlanishida xalq cholǵulari orkestrining orni. – Toshkent: 2022
5. Rajabov. H. Orol dengizi orotoryasi haqida monografiya. – Nukus: – 2025
6. G.M.Kamalaova – Hikmat Rajabov (monografiya) Nókis – 2025